



Pou Piblikasyon Imedya: 14/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO VOTE LWA POU LIMITE OGMANTASYON TAKS POU PWOPRIYETE KI TE REBATI APRE SIPÈ OURAGAN SANDY

Li rapousiv ak èd pou pwopriyetè kay ak biznis ki te gen pwopriyete yo kraze

Gouvènè Andrew M. Cuomo Jodi a te vote lwa kap kontinye bay soulajman fiskal pou pwopriyetè kay oswa pwopriyetè biznis nan Vil New York ki te gen pwopriyete yo ki te sibi gwo dega pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy. Pwojè lwa chita sou bès taks minisipal pandan yon lane gouvènè a te [siyen](#) lane pase, epi l ap pwolonje kantite tan kontribiyab va kalifye pou pran souf la jiska lane 2020.

“Pwopriyetè kay pa dwe sibi ogmantasyon taks men wotè apre rekonstriksyon kay yo ki te sibi dega oswa kraze pandan Sipè uragan Sandi,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lwa sa ap kontinye pwoteje pwopriyetè kay ak biznis pandan y ap rebati epi fè pwopriyete yo pi solid pase anvan. Mwen remèsye esponsò pwojè lwa sa poutèt yo rekonèt bezwen ki genyen pou kontinye ak soulajman sa.”

“Nouyòkè pa dwe penalize pou rekonstriksyon ak rekiperasyon apre Sandy – epi grasa lwa sa, yo pap penalize. Lwa Vil ak Eta sa yo ap bay pwopriyetè kay soulajman yo merite, pati nan reevalyasyon pwogram rekiperasyon apre Sandy nou yo pou fasilite ak akselere rekiperasyon” te deklare Majistra Vil New York la Bill de Blasio. “Mwen di mèsè Gouvènè Cuomo pou vòt pwojè lwa enpòtan anpil sa, ansanm ak patenè nou yo nan Sena ak Asanble a pou lidèchip yo.”

Sèten pwopriyetè kay ki te repare oswa rebati kay yo ki te sibi dega nan Sipè Ouragan Sandy te anrejistre yon ogmantasyon nan valè yo te evalye kay yo epi kounye a yo ka sibi bòdwo fiskal sou pwopriyete pi wo – menm si pwopriyetè kay yo sèlman repare bilding yo nan eta yo te ye anvan siklòn lan.

Dapre nouvo lwa Gouvènè a vote a (A.5620/S.3688), pwopriyetè byen nan Vil New York ki te sibi dega nan siklòn lan ka kalifye pou soulajman fiskal si pwopriyete yo reponn ak kritè annapre yo:

- Depatman Finans te diminye valè yo evalye bilding lan sou propriyete a nan wòk evalyasyon ki te reyalize nan lane 2013 la, apati valè yo estime sa sou wòl evalyasyon ki te fèt nan lane 2012 la apre dega Sipè Ouragan Sandi te lakòz yo.
- Depatman Finans te ogmante oswa pral ogmante valè yo estime bilding sou pwopriyete a apre reparasyon oswa rekonstriksyon dega Sipè Ouragan Sandy te lakòz yo sou nenpòt wòl evalyasyon ki fèt soti lane 2014 pou rive 2020.

Senatè Andrew J. Lanza te di konsa, “Pwojè lwa sa ap garanti rezidan vil la ki repare kay ki kraze nan Siklòn Sandy pap penalize ak bòdwo fiskal pou pwopriyete ki pi wo. M ap remèsye Gouvènè Cuomo ak Majistra de Blasio pou sipò yo bay lwa mwen an kap ede garanti viktim Siklòn Sandy yo pap viktim plis pandan y ap rebati epi rekanpe sou de pye yo.”

Manm Asanble Phil Goldfeder te di konsa, “Plis pase de lane apre Sandy te devaste kominote nou an, anpil nan fanmi nou yo toujou ap goumen pou jwenn resous yo bezwen pou fin retabli nèt. Lwa soulajman fiskal Sandy sa ap founi pwoteksyon pi dyanm posib la pou taks sou pwopriyete pa monte pou fanmi kap fè fas ak gwo pwoblèm lajan pou yo rebati kay yo. Mwen di bravo pou Gouvènè Cuomo pou angajman san rete li pou fanmi nan sid Queens ak Rockaway pandan kominote nou an kontinye ap leve anba Sandy epi vin pi rezistan pou pi devan.”

Majistra de Blasio [te vote](#) lwa minisipal korespondan mwa pase.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418